



REKLAME PA W LA

“Ogmante
Ekonomi mwen.”

LAJAN

Rekipere jiska \$8,046 nan kredi taks federal pou revni ou reyalize (Earned Income Tax Credit, EITC).

Ou ta ka resevwa EITC baze sou:

ESTATI DEKLARASYON ENPO OU

Ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal ki valab.

KALIFIKASYON

Ou dwe gen omwen laj 25 lane men mwens pase 65 lane, si w pa gen depandan. Si w pi jèn oswa w pi gran, ou gendwa kalifye si w deklare depandan.

NIVO REVNI OU

Ou te touche mwens pase \$61,555 nan yon travay an 2025 si w selibatè, oswa \$68,675 si w marye epi nou deklare taks ansanm.

Fè deklarasyon enpo ou GRATIS!

Pa peye pou reklame ranbousman ou. Philly gen patnè ou ka fè konfyans ki kapab ede ou reklame EITC ak lòt ranbousman yo gratis. Ale sou

ClaimYourMoneyPHL.com

pou kontakte Campaign for Working Families oswa Ceiba.



Eskane la a oswa vizite **ClaimYourMoneyPHL.com** pou jwenn dokiman nan lòt lang.



Office of
Community Empowerment and Opportunity
CITY OF PHILADELPHIA

Sa se yon ranbousman enpo federal pou moun k ap travay epi fanmi ki ranpli sèten kondisyon revni. Pa gen okenn pyèj. Pa gen restriksyon oswa kondisyon espesyal. Se lajan pa ou pou ou itilize jan ou vle, epi ou ka reklame li GRATIS.

Plis pase 40,000 Moun Filadèlfi pèdi okazyon pou reklame ranbousman yo chak ane. Mwayèn ranbousman an se \$2,743. Pa gen okenn rezon pou ou kite lajan sa a nan pòch gouvènman an lè li ta kapab nan pòch pa ou, epi li dwe nan pòch ou! Si ou gen timoun, ou ta ka kalifye tou pou Kredi Enpo pou Timoun (Child Tax Credit).

Nouvote pou sezon taks sa a:

Ou ka kalifye pou w resevwa jiska \$805 grasa yon nouvo kredi taks Eta ki rele kredi taks pou travayè nan Pennsilvani (Working Pennsylvanians Tax Credit, WPTC). Si w kalifye pou EITC federal la, ou pral otomatikman kalifye pou kredi taks nan Eta a, ki vo 10% de EITC federal ou a.

Sezon enpo a louvri!

**DAT LIMIT LA POU FÈ
DEKLARASYON ENPO
SE 15 AVRIL.**

NAN PATENARYA AVÈK



CWFphilly.org

CeibaPhiladelphia.org



REKLAME PA W LA “Estoke Frijidè a.”

LAJAN

Rekipere jiska \$2,200 pou chak timoun nan Kredi Taks federal pou Timoun (Child Tax Credit, CTC).

Sa ou ta dwe konnen sou CTC:

- **ANPIL PARAN OSWA GADYEN LEGAL KALIFYE.** Si timoun ou yo gen yon nimewo Sekirite Sosyal epi yo te gen mwens pase 17 lane an 2025, ou gendwa kalifye. Granparan, paran adoptif ak paran akèy yo, ak lòt moun gendwa kalifye si yo kapab reklame timoun yo kòm depanndan.
- **PA GEN PWOBLÈM SI OU PA TE TOUCHE ANPIL LAJAN.** Menm si ou pa te fè ase revni pou w deklare enpo, ou ta ka kalifye pou kèk pati nan ranbousman CTC a. Nou ka ede w detèmine si w kalifye.
- **SA P AP AFEKTE AVANTAJ OU YO.** Ranbousman CTC yo pa konte kòm revni epi yo p ap afekte kalifikasyon ou pou SNAP, Medicaid, oswa lòt avantaj yo.
- **OU PA GEN POU OU RANBOUSE LI.** Se lajan pa ou, nètalkole, pou kèlkeswa sa fanmi ou bezwen.
- **ÈSKE W TE RATE CTC NAN ANE ANVAN YO?** Si w pa te deklare taks pou 2022, 2023 oswa 2024, ou te rate petèt plizyè milye dola. Kèk paran ki te gen ti revni jiska lavalè \$0 te kalifye. Kontakte nou pou w deklare enpo pou yon ane anvan epi reklame kredi ou te rate yo.

Fè deklarasyon enpo ou GRATIS!

Pa peye pou reklame ranbousman ou. Philly gen patnè ou ka fè konfyans ki kapab ede ou reklame EITC ak lòt ranbousman yo gratis. Ale sou

ClaimYourMoneyPHL.com

pou kontakte Campaign for Working Families oswa Ceiba.



Office of
Community Empowerment and Opportunity
CITY OF PHILADELPHIA

Paran oswa gadyen timoun yo ka resevwa yon ranbousman enpo ki pi gwo si yo reklame CTC an. Kritè pou kalifikasyon yo ak montan ranbousman an te chanje dènyeman, kidonk kontakte nou jodi a pou w wè si w kalifye. Epi ou ka reklame lajan ou GRATIS toujou.

Nouvote pou sezon taks sa a:

Ou ka kalifye pou w resevwa jiska \$805 grasa yon nouvo kredi taks Eta ki rele kredi taks pou travayè nan Pennsilvani (Working Pennsylvanians Tax Credit, WPTC). Si w kalifye pou EITC federal la, ou pral otomatikman kalifye pou kredi taks nan nivo Eta a, ki vo 10% de EITC federal ou a.

Sezon enpo a louvri!

**DAT LIMIT LA POU
FÈ DEKLARASYON
ENPO SE 15 AVRIL.**



Eskane la a oswa vizite
ClaimYourMoneyPHL.com pou
jwenn dokiman nan lòt lang.

NAN PATENARYA AVÈK



CWFphilly.org
CeibaPhiladelphia.org